


Lach Nora
Otè: Natalie Kinsey-Warnock
Iilistratè: Emily Arnold McCully
Genre: Historical Fiction (Fiksyon Istorik)



Lè m te fenk fèt granmè m di m te tèlman piti, m te sanble ak yon ti zwazo; se sak fè yo rele m Wren. Granmè m te piti tou, men li te trè difisil. Sa te bon, ou sinon nou pa t ap janm rive siviv **inondasyon** 1927 la.

Granmè m avèk granpè m te abite nan yon ti fèm tou prè yon rivyè nan Vermont. Yo pat genyen anpil lajan, men te toujou genyen anpil manje pou n manje—lèt bèf granpè m yo, legim nan jaden granmè m, pòm ak prin nan jaden fwi a, pwason nan rivyè a ak siwo granmè m ak granpè m fè chak prentan.

Granpè m t ap bati yon nouvèl kay pou granmè m sou tèt yon mòn. Lè kay sa fini l ap gen elektrisite, machin pou lave epitou sal pou benyen anedan l. <<M pa bezwen yon kay nèf, Horace.>> Granmè di.

«Kisa w vle di?» M mande l.

«M Pa bezwen yon kay nèf.» Granmè di.

«M santi m byen kote m ye a.»

Granpè pat koute sa Granmè t ap di, li kontinye bati kay la.

Jou ki te 2 novanm 1927 la yon gwo lapli te kòmanse tonbe. Ou pa ka imajine konbyen dlo ki deja anvayi zòn nan nan de jou. Lavi

nan Vermont kòmanse chanje. Granmè pase tout matine a l ap fè pen. Li fè 27 mich pen.

«Poukisa w ap fè tout pen sa yo, granmè.»
M mande l.

«Nou kapab bezwen yo.» Granmè di.

Lè Granpè vini pou dejene. Li retire bòt li ki chaje ak anpil dlo. «M pa janm wè rivyè a monte wo konsa; nou sipoze travèse nan lòt kay la.» Granpè di.

Granmè pat fè okenn **diskisyon** fwa sa. Nan ti tan l ap ramase tout bezwen nesèsè yo: dra, chandèl, albòm; dlo a te gentan monte men otè.

«Si m pat gen bon sans m ta di se granpè ki fè gwo lapli sa.» Granmè di.

Menm antre nou antre nan kay nèf la. Nou tande frappe nan pòt la. Se te twa ti gason Gurthrie yo.

«Granj nou an inonde; epi youn nan ti gazèl bèf nou yo **bloke**,» Yo di.

Granpè ak twa ti mesye yo te sòti pou yo t al pouse bèt yo pou yo te kapab rive sou do

mòn nan. Pandan ti tan sa, Major, youn nan gwo cheval Ferguson yo, frape tèt li nan pòt la. M te **sezi** lè m wè Granmè louvri pòt la pou li. Tout swit Madam Lafleur ak tout pitit li Madeleine vin rive avèk yon pakèt ti poul nan yon charyo. Yo te oblije pran yon ti kannòt tèlman zòn nan te inonde. Pandan lannwit lan kay la te gentan chaje ak moun epitou zannimo; venntwa moun an total san konte Madanm Lafleur ak Madleine, Mesye ak Madanm Gurthrie, Ferguson yo ak fanmi Graig. Te genyen tou 3 cheval, yon bèf, 5 kochon, 4 chat, 100 poul.

Menm lè yo te preske pèdi tout sa yo te posede, yo te kontan paske yo te anvi.

Nou te manje pen epi bwè dlo lapli. Menm lè dlo a te gen kal pwason ladan l, pesonn pat **plenyen**. Yo pat gen kabann pou dòmi. Yo te amize yo ansanm nan bay blag epi chante. Pandan tout tan sa Granpè pot ko janm retounen.

M te vle al wè kote li te ye men m te pè mande Granmè m paske l te deja **entèdi** m. M gade l, li gade m.

«Kisa w vle fè?» Granmè mande m

«M vle al wè ki kote Granpè m ye.» M di l.
«Li twò danjere deyò a.» Granmè di m.
M ba l yon rega epi nou deside pou n ale ansanm. Nou pran yon ti kannòt. Dlo a te gen anpil debri. Se sèl tèt kay yo nou te wè. Se konsa nou te sove chyen Sam Burrough ki te chita anlè tèt yon kay. Pandan nou t ap navige, granmè tande rèl yon bèf. Li voye je l sou yon pye bwa li wè bèf la ak tout Granpè. Granmè te vin santi yon **soulajman**. Nou pat ka retire bèf la kote l te ye a. Nou te oblije kite l. Li te kriye lè nou t ap pwale,

3^{yèm} Ane

men granpè te pwomèt l ap tounen vin chèche l.

«Nou pèdi tout sa nou te posede, Nora.»
Granpè di Granmè.

« Sa k pi enpòtan nou anvi. Nou ka ranplase yo ankò.» Granmè reponn Granpè.

Lè nou retounen tout moun te kontan wè nou: Graig yo, Ferguson yo, Gurthrie yo, Lafleur yo. Madeleine te menm anwase nou. Lè Granpè wè tout zannimo yo li eklate yon kout ri.

«Nora, m te panse m te bati yon kay, men li te vrèman yon lach.» Granpè di.



Lach Nora

Li te pran twa jou pou dlo a te bese. Se lè sa tout moun te retounen lakay yo pou yo t al wè sa yo te genyen ki te rete.


«Nora, m ap fikse kay la jan ou vle l la.»
Granpè di. Men, li te sekwe tèt li lè l te wè anprent Major, gwo cheval Ferguson nan, tout atè nan kay la. Granpè pat konnen kòman li ta pwal fè pou retire yo.



Major, cheval Ferguson nan.

M te abite pou plis pase karant tan nan kay gran paran mwen. Anprent Major te toujou la. M pat janm ankouraje pou retire yo. Yo fè m sonje kisa ki enpòtan: fanmi, zanmi, vwazinaj ede vwazinaj.

Non: _____ **Dat:** _____ **Ane:** _____



Konplete daprè istwa Lach Nora.

Tit Istwa:

Ilustratè:

Otè:

Tèm:

Topik

Ide prensipal
